


Alkitab kanggo murangkalih  
Nyanggakeun

Patani Jeung  
Bibit



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
M. Maillot, Lazarus,  
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Dina hiji poe Yesus ngajar  
gigireun talaga. Seueur  
jalma karumpul ngadangu  
Anjeunna. Ririungan eta  
jadi tuluy beuki loba.  
Naon anu bakal  
dilakukeun ku Yesus?




Ningali parahu caket dinya, Yesus  
naek kana parahu. Ayeuna Anjeunna  
tiasa ningali jalma-jalma sareng  
aranjeunna tiasa ningali sareng  
ngadangu Anjeunna.




Yesus mimiti nyaritakeun siloka -  
carita ngeunaan hal biasa, anu  
ngajarkeun jalma ngeunaan Gusti.



"Patani nyebarkeun binih dina sawahna."  
Carita Yesus teh sapertos lukisan anu  
nganggo kecap tibatan gambar.



Jalma-jalma tiasa ngabayangkeun  
patani damel - aranjeunna parantos  
ningali sababaraha kali.






Sababaraha binih ngagolér  
dina jalan. Manuk-manuk  
gancang ngaléos ka handap  
pikeun ngadahar éta.







Sawatara binih nambru dina taneuh babatuan. Eta binih gancang tumuwuh jadi tatangkalan kuru jeun laleutik. Panonpoé mencrang geura-giru nyieun eta layu sabab teu bisa ngakar dina taneuh deet.




Binih nu sejen geus ngakar  
diantara cucuk. Tangkal kitu  
mah teu ngahasilkeun gandum.  
Cucuk ngagimbung  
ngurilingan pepelakan  
ngora, ngahalangan  
panonpoé sareng  
hujan anu diperyogikeun.



Bini sésana ragrag dina taneuh anu saé. Lila-lila, pucukna janten pepelakan séhat anu ngahasilkeun seueur siki énggal. Patani pasti bagja pisan.



Dina ahir carita, murid-murid sumping ka Yesus. "Naha anjeun ngajarkeun nganggo siloka?" maranehna nanya.



Yésus nyarita ku siloka ambéh ngabantu jalma-jalma paham ngeunaan Gusti lamun maranéhna bener-bener nyaah ka Mantenna. Jalma anu teu nyaah ka Gusti teu bisa ngarti siloka.




Yésus ngajelaskeun siloka éta.  
Eta binih téh Dawuhan Gusti. Binih di  
jalan satapak téh siga anu ngadéngé tapi teu  
ngarti kana Dawuhan Gusti. Sétan

ngajadikeun  
maranéhna  
mopohokeun


naon anu  
diomongkeun  
ku Gusti.



Sababaraha urang gancang narima  
Dawuhan Gusti. Maranehna ibarat binih dina  
taneuh batu. Tapi dina aya anu nyindiran atanapi  
ngajantenkeun hal-hal anu sesah sabab  
nyaah ka Gusti, ngadadak sedih.



Ieu jalma-jalma anu mimitina gumbira  
nuturkeun Yesus ngadadak ngajauhan sareng teu  
lajeng numut kana Dawuhan Gusti. Aranjeunna  
teu sanggem mayar harga mun nuturkeun  
Gusti. Nyaah pisan yén maranéhna leuwih  
hayang nyenangkeun babaturan tinimbang Gusti!





Cucuk dina pasemon teh  
ibarat kahariwang kadunyaan  
jeung kanyaah kana  
duit anu ngaruhan  
kahirupan sabagian jalma.  
Maranéhna sibuk  
narékahan pikeun  
meunangkeun deui duit  
jeung hal-hal séjénna  
nepi ka ninggalkeun  
Gusti ti kahirupan  
maranéhanana.



Tapi binih anu murag dina taneuh nu alus sarta ngahasilkeun panén alus éta kawas Dawuhan Gusti asup kana hate jeung ngarobah kahirupan jalma. Jalma-jalma ieu ngawula sareng ngahormatan ka Gusti.



Riungan eta teh teu daék ararindit. Seueur anu hoyong numutkeun Gusti sareng nyenangkeun Anjeunna. Siloka Yésus ngabantu maranéhna ngartikeun kumaha cara nurut ka Gusti.



Patani Jeung Bibit


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateu 13

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





| 43

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

